# Герблер

**ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫНЫҢ МӘМЛЕКЕТЛИК ГЕРБИ**




Мәмлекетлик герб Өзбекстан Республикасының 1992-жыл 2-июлда 616-XII-санлы «Өзбекстан Республикасы Мәмлекетлик герби ҳаққында»ғы Нызамы менен тастыйықланған.

Өзбекстан Республикасының Мәмлекетлик герби төмендеги көриниске ийе: таўлар, дәрьялар ҳәм сол тәрепи бийдай масақларынан, оңы болса пахтаның ғөреклери ашылған ғоза шақаларынан ибарат дәстеге оралған гүлленген ойпатлық бойлап қуяш алтын нурларын таратып турады. Гербтиң жоқары бөлегинде Республика көрк ҳәм шырайының белгиси сыпатында сегизмүйеш сүўретленген болып, оның ишки бөлегинде ярым ай ҳәм жулдыз суўретленген. Гербтиң орайында бахыт ҳәм ғәрезсизликтиң символы — қанатларын жайған Қумай қусы суўретленген. Гербтиң төменги бөлегинде Өзбекстан Республикасының Мәмлекетлик байрағын аңлатыўшы дәстеленген лентаға «Өзбекстан» деп жазып қойылған.

Өзбекстан Республикасы Мәмлекетлик гербиниң реңли көринисинде: Қумай қусы ҳәм дәрьялар — гүмис реңинде; қуяш, масақлар, пахта ҳәм пахта ғөреклери ҳәм «Өзбекстан» жазыўы — алтын реңинде; ғоза шақалары ҳәм жапырақлары, таўлар ҳәм ойпатлық — жасыл

реңде; пахта ғөреклериндеги пахта — ақ реңде; лента — Өзбекстан Республикасы Мәмлекетлик байрағының реңлерин сәўлелендириўши үш қыйлы реңде; сегизмүйеш — алтын менен жийекленген ҳалда ҳаўа реңде ярым ай ҳәм жулдызлар — ақ реңинде суўретленген.

## ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫНЫҢ МӘМЛЕКЕТЛИК ГЕРБИ




Қарақалпақстан Республикасының мәмлекетлик герби Қарақалпақстан Республикасы мәмлекетлик суверенлигиниң нышаны болып табылады.

Қарақалпақстан Республикасының мәмлекетлик герби оң жағы салы масақларынан ҳәм шеп жағы пахта ханалары ашылған ғаўаша шақаларынан ибарат шеңбер менен қоршап алынған таўдың аржағынан шығып киятырған қуяштың, Әмиўдәрья менен Арал нышаны болған дәрьяның ҳәм теңиздиң тәрийплемесинен ибарат. Гербтиң жоқары бөлегинде сегиз қырлы жулдыз бар, оған бес жулдызлы ярым ай салынған. Гербтиң дәл ортасына бахыт ҳәм еркинлик нышаны — қанаты жайылған Қумай қус тәрийпленген. Қумай қустың арқасында Қарақалпақстан халықларының әййемги мәдениятының, өзине тән түп-тамырларының бирлигиниң нышаны болған Қорғантаў тәрийпленген. Төменде Қарақалпақстан Республикасы мәмлекетлик байрағының нышаны болған гүлшеңбери жийегиниң түйилген жеринде

«Qaraqalpaqstan» деген жазыў бар.

Қарақалпақстан Республикасының пуқаралары, сондай-ақ, Қарақалпақстанда турған басқа да шахслар Қарақалпақстан Республикасының мәмлекетлик гербин ҳүрметлеўи шәрт.